



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREKSÈ 1 MILYON NOUYÒKÈ KI ENSKRI NAN PWOGRAM POU EDE GRANMOUN AJE YO EKONOMIZE PLIS KE 7,000 DOLA PA ANE NAN DEPANS SWEN SANTE YO**

*Pandan peryòd enskripsyon ouvè Medicare la ap kòmanse demen, Gouvènè a ankouraje plis Nouyòkè pou yo enskri nan Pwogram Epay Medicare la*

*Elijibilite revni ogmante Gouvènè a pral asire ke pwogram lan sèvi plis granmoun aje nan tout eta a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke prèske yon milyon Nouyòkè kounye a enskri nan Pwogram Epay Medicare (Medicare Savings Program, MSP) Eta a administre, ki ka ede granmoun ki elijib yo ekonomize a mwayèn yon montan ki estime a 7,400 dola pa ane nan depans swen sante. Avèk peryòd enskripsyon ouvè Medicare la k ap kòmanse demen, Gouvènè Hochul te ankouraje plis Nouyòkè pou aprann epi enskri nan MSP. Anpil granmoun aje elijib pou pwogram sa a apre ekspansyon istorik Gouvènè a nan MSP a, ki te ogmante limit kalifikasyon revni pou asire ke plis Nouyòkè ka benefisyè de ekonomi swen sante.

"Travay nou pou elaji Pwogram Epay Medicare la ap ede soulaje fado depans swen sante yo pou prèske yon milyon Nouyòkè epi mete plizyè milye dola an retou nan pòch yo", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje granmoun aje nan New York pou yo itilize peryòd enskripsyon ouvè Medicare pou konnen si yo kalifye pou pwogram nan epi pou konnen si lòt opsyon kouvèti Medicare kapab bay plis ekonomi."

Peryòd enskripsyon ouvè Medicare la ap kòmanse demen, 15 oktòb, epi l ap rete ouvè jiska 7 desanm. Pandan ke Nouyòkè yo ka enskri nan MSP pandan tout ane a, peryòd enskripsyon ouvè a se yon bon moman pou aprann sou benefis yo epi adrese nenpòt kesyon Medicare.

MSP a ede benefisyè Medicare k ap viv sou revni limite lè yo peye prim Medicare Pati B yo epi otomatikman enskri yo nan pwogram Èd Sipleman tè gouvènman federal la, ki ede ak depans medikaman sou preskripsyon yo.

An 2022, Gouvènè Hochul te asire [yon ekspansyon istorik MSP a](#) ki ogmante limit elijibilite revni pou Nouyòkè yo. Limit kalifikasyon revni pou 2024 se 2,355 dola pa mwa pou yon moun ak 3,189 dola pa mwa pou yon koup.

Yo ankouraje benefisyè Medicare oswa moun ki elijib pou Medicare yo kontakte [Program Enfòmasyon, Konsèy ak Asistans Asirans Sante \(Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program, HIICAP\)](#) pou enfòmasyon sou enskripsyon nan MSP oswa pou resevwa asistans ak lòt kesyon enskripsyon Medicare. Nouyòkè yo ka rele liy dirèk gratis HIICAP nan 1-800-701-0501.

Anba a se yon dekonpozisyon rejyonal prèske yon milyon Nouyòkè ki deja enskri nan MSP la nan fen septanm lan.

<b>Rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council, REDC)</b>	<b>Kantite MSP Enskri yo</b>
<b>Western New York</b> Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Niagara	62,004
<b>Finger Lakes</b> Genesee, Livingston, Monroe, Ontario, Orleans, Seneca, Wayne, Wyoming, Yates	49,062
<b>Southern Tier</b> Broome, Chemung, Chenango, Delaware, Schuyler, Steuben, Tioga, Tompkins	30,340
<b>Central New York</b> Cayuga, Cortland, Madison, Onondaga, Oswego	30,409
<b>Mohawk Valley</b> Fulton, Herkimer, Montgomery, Oneida, Otsego, Schoharie	24,673
<b>North Country</b> Clinton, Essex, Franklin, Hamilton, Jefferson, Lewis, St. Lawrence	20,973
<b>Capital District</b> Albany, Columbia, Greene, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Warren, Washington	39,803
<b>Hudson Valley</b> Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, Westchester	71,200
<b>Vil New York</b>	574,665

<b>Long Island</b>	
Nassau, Suffolk	79,863
<b>Total pou tout Eta a</b>	<b>982,992</b>

**Greg Olsen, ki se Direktè Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, te deklare,** "Etap enpòtan sa a – prèske 1 milyon moun ki enskri nan MSP a – se yon rezilta dirèk nan pwogram eta ak lokal tankou New York HIICAP ki bay sansibilizasyon ak asistans pou benefisyè Medicare yo pou yo ka kolektivman ekonomize dè milyon dola chak ane nan depans ki soti nan pòch yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te elaji pwogram sa a an 2023, ak mizajou sou revni anyèl sou kalifikasyon chak ane, epi paske li sipòte aktivite sansibilizasyon ak edikasyon rezo nou an pou ede."

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Pwogram Ekonomi Medicare la se yon resous enpòtan pou ede moun ki gen revni limite nan peye prim Medicare yo epi moun ki pa kalifye pou Medicaid akòz limit revni yo ka toujou kalifye pou pwogram ekonomi sa a. Enskripsyon sa a te atenn prèske yon milyon moun ki mete aksan sou angajman kontinyèl pou ekite sante pa Gouvènè Hochul ak Depatman an, nan asire moun ki bezwen èd finansyè ka jwenn aksè ak swen medikal alè nan yon pri abòdab."

**Direktè AARP Eta New York, Beth Finkel, te deklare,** "AARP New York te travay pandan plizyè ane ak lòt defansè pou elaji Pwogram Epay Medicare la pou plis granmoun aje ki gen revni ki ba ak modere te kapab peye swen sante esansyèl. Kounye a, enskripsyon nan pwogram nan ap apwoche yon milyon dola – yon bagay nou tout ka fyè de li. Nou bat bravo pou administrasyon Hochul la pou efò kontinyèl li fè pou asire plis Nouyòkè ki aje gen aksè ak benefis yo bezwen, benefis ki remèt lajan nan pòch yo epi soulaje fado finansye yo. Nou vle moun yo gen yon lavi miyò, epi pwogram sa a te kreye pou fè sa menm."

**Prezidan Sant Dwa Medicare la, Fred Riccardi, te deklare,** "Agrandisman ak siksè New York nan Pwogram Epay Medicare la se yon temwayaj sou enpòtans kolaborasyon pou asire granmoun aje yo ak moun ki andikape yo ka aksede ak peye swen sante yo merite. Nou felisite Biwo Eta New York pou Veyès (New York State Office for the Aging, NYSOFA), Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH), ak patnè nou yo atravè eta a. Efò kolektif ak devouman nou yo te enpòtan anpil nan elaji aksè ak pwogram enpòtan sa a, pou asire plis Nouyòkè ka jwenn soulajman finansye ak aksè amelyore swen sante li bay la. Sant Dwa Medicare a fyè de etap enpòtan sa a epi li angaje ak tout kè li pou l ede plizyè milye an plis navige nan pwosesis enskripsyon an epi asire benefis yo gen dwa ak yo."

### **Plis enfòmasyon sou MSP a**

MSP a ede benefisyè Medicare k ap viv sou revni limite lè yo peye prim Medicare Pati B yo epi otomatikman enskri yo nan Èd Sipleman tè. Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) Etazini estime yon potansyèl ekonomi [5,300 dola](#)

[pou chak moun](#) ki enskri nan Èd Sipleman tè. Prim mansyèl estanda pou moun ki enskri nan Medicare Pati B se [174.70 dola pa mwa](#). Konbine asistans sa a egal prèske 7,400 dola nan ekonomi chak ane. Asistans finansye sa a kapab yon mwayen sekou pou moun ki enskri yo, sa ki pèmèt yo kenbe kouvèti Medicare yo, jwenn aksè nan swen ki nesèsè yo, epi peye lòt nesèsite yo.

An 2022, Gouvènè Hochul te anonse [yon ekspansyon istorik MSP a](#), ki administre nan nivo eta a. Limit kalifikasyon revni pou 2024 se 2,355 dola pa mwa pou yon moun ak 3,189 dola pa mwa pou yon koup.

Benefisyè ki gen revni ki is pi wo pase limit yo afiche yo ta dwe toujou konsidere kontakte HIICAP New York la pou asistans nan pwosesis aplikasyon an, paske moun yo ka peye pou depans ki soti nan pòch yo ki ka dedwi nan revni brit yo pou rann yo elijib. HIICAP ofri konsèy gratis ak objektif pou benefisyè Medicare ki bezwen asistans pou aplike pou MSP oswa nenpòt lòt kesyon ki gen rapò ak Medicare. Senpleman rele HIICAP nan 1-800-701-0501. Yo pral dirije moun k ap rele yo nan pwogram lokal yo pou jwenn asistans.

Yon aplikasyon pou MSP la disponib tou sou [sitwèb Depatman Sante Eta New York la isit la](#). Yo ta dwe voye aplikasyon an ak dokiman ki nesèsè yo nanc Depatman Sèvis Sosyal Lokal (local Department of Social Services, LDSS) oswa Administrasyon Resous Imèn (Human Resource Administration, HRA) lokal ou a. [Jwenn adrès konte ou a isit la](#). Pou aplike, aplikan yo pral bezwen fotokopi kat Medicare yo, prèv revni, dokiman sou prim asirans sante ki pa Medicare, prèv dat nesans ak rezidans. [Aprann plis sou sitwèb NYSOFA](#).

## **Konsènan Enskripsyon Ouvè Medicare a**

Enskripsyon ouvè a se moman kote benefisyè Medicare yo ka fè chanjman nan plan sante yo oswa nan kouvèti medikaman yo ak lòt opsyon yo.

Pandan enskripsyon ouvè, oswa nenpòt lè nan ane a, HIICAP ka ede w:

- Konprann benefis medikaman sou preskripsyon Medicare (Medicare Pati D) ak kijan pou w chwazi pi bon plan an.
- Konprann pwogram sibvansyon pou revni ki ba yo, tankou Èd Sipleman tè ak Pwogram Epay Medicare (MSP).
- Jwenn fason pou peye pou medikaman w yo oswa ekipman medikal ou yo.
- Konprann epi aplike pou pwogram Kouvèti Asirans Famasetik Granmoun Aje (Elderly Pharmaceutical Insurance Coverage, EPIC).
- Chwazi ant Medicare Orijinal la ak kèk Plan Medicare Advantage yo.
- Konprann règ Medicare ak bòdwo medikal ou yo.
- Rapòte posib fwod oswa abi Medicare.
- Bay enfòmasyon sou fason pou fè apèl kont yon desizyon Medicare, founisè swen jere w la oswa lòt konpayi asirans sante.
- Dekouvri fason pou ranpli twou vid ki genyen nan Medicare.

- Aprann kijan pou depoze yon plent Medicare oswa Medigap.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)